

2 Novanm 2020

Chè fanmi,

Nou konnen ane sa a te diferan ak tout lòt yo, avèk fanmi k ap lite pou pran desizyon ki konplike pandan sitiwayon difisil yo. Nou rekonèt ak apresye fleksiblite ak kouraj fanmi w, ansanm ak tout elèv, fanmi ak kominote lekòl ki nan vil la.

Kounye a pandan lekòl reouvri epi pousantaj enfeksyon COVID-19 yo diminye anpil nan tout vil la ak nan lekòl nou yo, nou konnen anpil nan nou ap konsidere pou fè timoun yo retounen lekòl pou aprantisaj anpèsòn. Si avan ou te chwazi aprantisaj adistans konplè pou pitit ou a, ***kounye a ou gen chans pou chwazi aprantisaj miks pou rès ane lekòl la***. Nan dat 15 novanm, tanpri ranpli sondaj sou aprantisaj ou prefere a ke w ap jwenn la a: nycenet.edu/surveys/learningpreference pou w ka antre nan aprantisaj miks la. Fanmi ki bezwen plis èd avèk sondaj la ka rele **311**.

Nan moman sa a, fanmi yo p ap kapab chwazi pou antre nan aprantisaj miks apre 15 novanm.

Fanmi ki chwazi aprantisaj miks pandan pweryòd pou rantrè a ap kòmanse anpèsòn pandan semèn 30 novanm oswa 7 desanm. Lekòl pitit ou a ap ba w dirèkteman dat l ap kòmanse ak orè aprantisaj anpèsòn lan.

Elèv k ap aprann anpèsòn pral patisipe oaza nan tès pou COVID-19 pandan ane lekòl la. Tès regilye pou estaf ak elèv yo nan lekòl pèmèt nou kenbe lekòl nou yo ak tout kominote yo ansante ak ansekirite. Tès la fasil, li rapid epi li sennesof; tès sa kout, yon ti swab (tankou yon aplikatè) ki rantrè jis devan twou nen w. Pou asite yo teste pitit ou a, tanpri voye yon fòm konsantman pou tès la. Ou ka ranpli fòm konsantman w nan de fason:

1. **Sou entènèt :** Ranpli fòm lan sou entènèt avèk yon Kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA). Ale nan mystudent.nyc
 - o Si w deja gen yon kont NYCSA ki lye avèk elèv ou a(yo): Log in, klike sou non elèv ou a, klike sou "Manage Account," epi apre, lè yon meni k ap deroule parèt, klike sou "Fòm Konsantman (Consent Forms)". Li paj la, epi chwazi opsyon konsantman an nan fen an pou elèv ou a.
 - o Si ou poko gen yon kont NYCSA: Ou ka kreye youn tousuit! Si lekòl ou a te ba w yon kòd pou kreye yon kont, ou ka kreye tout yon kont nan apeprè senk minit, epi apre, bay konsantman w jan nou dekri sa pi wo a. Si lekòl ou a pa t ba w yon kòd kreyasyon kont, ou ka toujou bay konsantman ou tousuit lè w klike sou "Jere Konsantman (Manage Consent)" anba "COVID-19 Testing" ak ranpli enfòmasyon pou ou ak pou pitit ou a pou bay konsantman an.
2. **Fòm sou papye:** Ranpli fòm sou papye a epi voye l tounen nan lekòl la. Yon fòm an PDF disponib nan 10 lang nan schools.nyc.gov/covidtesting.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon anba Kesyon Moun Poze Souvan (Frequently asked questions, FAQ) nan schools.nyc.gov/covidtesting.

Nou konnen sitiwayon fanmi yo ka chanje epi nou angaje pou nou bay fleksiblite pou fanmi ki bezwen fè tranzisyon nan aprantisaj adistans nenpòt moman pandan ane lekòl la pou nenpòt rezon. Fanmi yo ka itilize menm sondaj sa a pou chwazi rantrè nan aprantisaj adistans nenpòt lè: nycenet.edu/surveys/learningpreference.

Pou fanmi ki chwazi aprantisaj miks, nou kontan pou akeyi w ankò nan bilding lekòl nou yo pou yon aprantisaj anpèsòn ki enteresan. Ak pou tout fanmi, mèsì ankò pou kolaborasyon w pandan n ap travay pou bay ofri yon eksperyans akademik ki meyè nan salklas pou elèv nou yo, kèlkeswa fason y ap aprann ane lekòl sa a.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk